

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Nalungtik tokoh-tokoh novel *Déng* karya Godi Suwarna dilantarankeun ku katajina panalungtik, patali jeung ajén-inajén nu nyampak dina ieu novel, boh basana boh eusina, tepi ka tumuwuh rasa kapanasaran pikeun neuleumanana leuwih daria, laju ngarumuskeun sawatara masalah kalawan dipatalikeun jeung pangajaran aprésiasi sastra di SMA. Anapon anu dijadikeun rumusan masalah jeung tujuan ieu panalungtikan téh nya éta: (1) fakta carita (galur, latar, tokoh jeung penokohan) novel *Déng*; (2) larapna psikologi humanistik kana tokoh-tokoh novel *Déng* anu ditilik tina lima pangabutuh dasar manusa (pangabutuh fisiologis, pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana rasa mibanda-dipibanda, pangabutuh kana pangajén, pangabutuh kana aktualisasi diri); jeung (3) tokoh novel *Déng* téh bisa jadi bahan pangajaran pikeun aprésiasi sastra di tingkat SMA.

Téori sastra nu patali jeung novel, téori ngeunaan fakta carita (galur, latar, tokoh jeung penokohan), téori psikologi sastra jeung psikologi humanistik (Abraham Maslow: lima pangabutuh dasar manusa), sarta téori pangajaran aprésiasi sastra di SMA dilarapkeun dina ieu panalungtikan, disaluyukeun antara pangabutuh, tujuan, jeung sumber nu bisa dipaluruh.

Métode *deskriptif-analitik*, nya éta métodé anu ngaguar gambaran tina fakta-fakta jeung sipat objék kalawan sistematis, logis, jeung faktual, dipaké dina

Deri Hudaya, 2012

Kajian Psikologi Humanistik Kana Novel *Deng* Karya Godi Suwarna Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra Di SMA

ieu panalungtikan pikeun nafsirkeun fakta-fakta nu kapaluruh tina sakur téks pangrojong dina novel *Déng*. Dina ngadéskripsikeunana panalungtik ngagunakeun instrumén slip data.

Hasil panalungtikan ngeunaan ngeunaan fakta carita nu ngwengku galur carita, latar nu mangaruhan kana jiwa para tokoh, sarta ngeunaan tokoh jeung penokohanana, nu diguar kalawan museurkeun panitén kana watek tokoh.

Galur dina ieu novel kaasup kana galur mérélé. Ti awal carita tepi ka pungkasna, diuwuhan ku imajinasi jeung impian-impian Ujang ngeunaan sasakala Gunung Tangkuban Parahu, kalawan dipungkas ku nyaritakeun Ujang nu ditundung ku indungna, laju maténi bapana sorangan, nya éta Yuda nu sok dipapandékeun salaku Tumang.

Waktu mimiti ngadegna Orde Réformasi di Indonesia jadi latar waktu; kahirupan masarakat panengah ka handap nu dibandingkieun jeung kahirupan masarakat panengah ka luhur jadi latar sosial; jeung latar tempat nu ngawengku latar nyata, latar teu nyata atawa imajinatif, jeung gabungan tina dua latar éta ngawuwuhan ieu novel.

Tokoh utama kahiji nya éta Ujang, boga watek jeung sifat nu béda ti batur alatan kaayaan psikologisna teu stabil, tapi boga hubungan raket jeung alam sarta hal-hal nu sipatna gaib. Tokoh utama kadua nya éta Ema, Uyut, Asép, Ratih, jeung Yuda. Tokoh tambahan, ngawengku tokoh imajinatif jeung tokoh nyata, nya éta Bapa, Aki, Uyut Munjul, Nini Tilem, Daris, Yuli, Déwi, Popon, Élan, Juki,

Deri Hudaya, 2012

Kajian Psikologi Humanistik Kana Novel *Déng* Karya Godi Suwarna Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra Di SMA

Warso, Yuyus, Danramil, Gajah, Kapuk, Uncal, Badak, Monyé, Renggé, Junéng, Donto, para tatangga, para démonstran, jeung tokoh-tokoh nu teu boga ngaran.

Ditalungtik tina lima pangabutuh dasar manusa, saluyu jeung ulikan psikologi humanistik nu dibaladah Abraham Maslow, tokoh-tokoh dina novel *Déng* téh umumna mah bisa nyumponan pangabutuhna, kalawan tarékah jeung carana séwang-séwangan. Anapon aya nu teu cumpon, dilanatarankeun ku sikep kamanusaanana nu teu pati mekar; diwakilan ku tokoh Yuda salaku pangagung atawa tokoh politik nu hirup di masarakat.

Dumasar hasil ieu panalungtikan, dicindekkeun yén novel *Déng* karya Godi Suwarna bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran di SMA, lantaran kapunjulan ajén basa, kapunjulan ajén budaya, kapunjulan ajén sastra, kapunjulan ajén kamanusaan (humanis), jeung punjul dina méré sawangan nu patali jeung cita-cita kamanusaan, utamana dina ngaaktulisikeun diri, boh tokoh anu dianggap séhat mentalna boh tokoh anu dianggap teu séhat méntalna, anu dina kahirupan sapopoé remen teu kaperhatikeun.

5.2 Saran

Saban panalungtikan, utamana panalungtikan dina kasusastraan, leuwih hadé upama dipatalikeun jeung pangajaran, lantaran bisa ngeuyeuban kasusastraan sakaligus ngeuyeuban dunya atikan. Kabeungharan atawa kajembaran dunya atikan tétéla baris ngaronjatkeun minat diajar siswa. Ku ngaronjatna minat siswa dina diajar, baris ngahasilkeun bahan pangajaran anu kompetén. Patali jeung ieu

Deri Hudaya, 2012

Kajian Psikologi Humanistik Kana Novel *Deng* Karya Godi Suwarna Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra Di SMA

pasualan, aya sawatara saran pikeun kamajuan dunya kasusastraan jeung dunya atikan, saperti anu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Perlu dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan sastra séjénna pikeun ngeuyeban kasusastraan, utamana sastra Sunda.
- 2) Perlu dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan karya sastra anu dipatalikeun jeung pangajaran séjénna pikeun ngaronjatkeun dunya atikan, utamana dina widang basa jeung sastra Sunda.
- 3) Leuwih alus upama karya-karya sastra petingan téh diajangeun pikeun bahan pangajaran di sakola, disaluyukeun jeung pangabutuh saban tingkatan sakola, sangkan ngaronjatkeun minat diajar siswa, utamana dina widang basa jeung sastra Sunda.
- 4) Leuwih alus upama hasil tina saban panalungtikan téh dilarapkeun langsung kana pangajaran, sangakan panalungtikan nu dilaksanakeun henteu ngan ukur jadi sarat wungkul, tapi sakumaha anu jadi tujuan nu hayang dihontal, nya éta bisa ngaronjatkeun dunya atikan jeung kasusastraan, utamana dina widang basa jeung sastra Sunda.

Deri Hudaya, 2012

Kajian Psikologi Humanistik Kana Novel Deng Karya Godi Suwarna Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra Di SMA